

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kasénian gembyung mangrupa salashiji kasénian nu hirup tur mekar di Kabupatén Subang, hususna di Subang Kidul, pernahna di Kampung Cinengah Kacamatan Jalan Cagak. Gembyung mangrupa kasénian dina nyebarkeun agama Islam sarta mangrupa kasénian hiburan masarakat dina wangun musik. Sok sanajan dina wangun musik, dina gembyung ogé aya ibingan nu has. Gerakan Ibing dina kasénian gembyung sacara umumna sipatna spontan atawa gerakan anu dumasar karep. Sabada ditengetan, gerakan dina ibing gembyung miboga pola anu husus, saperti angkenan, mincid, jeung sonténg. Ari anu ngibing téh ilaharna lalaki, tapi rajeun aya ogé anu ngibing téh awéwé. Dina ngibing gembyung umumna dilaksanakeun sacara babarengan.

Dumasar kana sajarahna, kasénian Gembyung Dangiing Buhun téh geus aya ti taun 1970-an. Anu mimiti naratas téh nya éta Éyang Resmi. Dumasar *onomatopea* kecap *gembyung* téh asalna tina sora pola tabeuh *gem* (ditabeuh jeung ditahan) jeung *byung* (ditabeuh jeung dileupas). Sedengkeun dumasar ngama'naanana, kecap gembyung téh asalna tina *ageman* anu miboga ma'na ajaran atawa tetekon, atawa paham anu dicekel ku masarakat, sedengkeun *byung* asalna tina *kabiruyungan* anu hartina kapastian pikeun dilaksanakeun. Jadi gembyung teh minangka ageman atawa ajaran anu pasti pikeun dilaksanakeun tur jadi cecekelan papada jalma dina nyorang alam kahirupan di dunya, sarta jadi bekel di alam kalanggengan.

Dina kasénian gembyung aya unsur pangwangun anu ngarojong kana lumangsungna pintonan. Unsur pangwangun anu aya dina kasénian gembyung kabagi jadi dua, nu ka hiji nya éta unsur utama anu ngawengku tempat pintonan, pangrawit atawa nayaga, waditra, jeung sindén atawa juru kawih. Ari anu kadua nya éta unsur pangrojong nu ngawengku iket, baju kamprét, calana pangsi, jeung lalaguan.

Dina prak-prakan pintonan kasénian gembyung, ngawengku tilu undakan, nya éta kagiatan saméméh pintonan kasénian Gembyung Dangiing Buhun, prak-prakan lumangsungna pintonan kasénian Gembyung Dangiing Buhun, jeung

sabada lumangsungna pintonan kasenian Gembyung Dangiag Buhun. Dina kagiatan saméméh pintonan kasenian Gembyung Dangiag Buhun ngawengku tatahar, susuci atawa wudu saméméh minton, nyiapkeun sasajén, tatalu jeung pamapag. Dina prak-prakan lumangsungna pintonan kasenian Gembyung Dangiag Buhun ngawengku bubuka ku MC (panata acara), lagu bubuka, lagu utama, lagu tambahan, ibing gembyung jeung lagu panutup. Sedengkeun sabada lumangsungna pintonan kasenian Gembyung Dangiag Buhun, para nayaga mérésan waditra jeung pakakas kasenian tuluy diangkut maké mobil. Satuluyna, pupuhu grup mingpin ngabagi duit hasil bayaran manggung.

Ajén réligi anu nyampak dina kasenian gembyung ngawengku émosi kaagamaan, sistim kapercayaan, sistim ritual jeung upacara, jeung kelompok kaagamaan. Dina ngajaga émosi kaagamaan, masarakat cinengah tetep ngalaksanakeun sakumaha kawajiban salaku umat Islam saperti shalat, puasa, dzikir, sholawat, maca Al-Qur'an, jrrd. Sistim kapercayaan sarta sistim ritus jeung upacara kaagamaan anu nyampak dina masarakat Kampung Cinengah aya nu geus teu dipaké aya ogé anu masih dipaké. Saperti ngadu'a saméméh minton, ruwatan bumi, nyadiakeun sasajén saméméh minton masih dipaké dina kasenian Gembyung Dangiag Buhun. Sedengkeun dumasar kelompok kaagamaan, masarakat Kampung Cinengah sakabéhna ngagem agama Islam.

Unsur-unsur sémiotik (ikon, indéks, simbol) nyampak dina kasenian Gembyung Dangiag Buhun. Ikon anu kapanggih dina kasenian gembyung aya tilu belas (13) nya éta aki, pangrawit atawa nayaga, sindén atawa juru kawih, MC (panata acara), baju kamprét jeung calana pangsi, waditra gembyung atawa terebang, Rasulullah, Pangéran, Siliwangi, Bangbung Hideung, Kembang Gadung, logo kasenian gembyung Dangiag Buhun, jeung ibing gembyung. Indéks anu kapanggih dina kasenian gembyung aya opat belas (14) nya éta tempat latihan, *banner* atawa idéntitas kasenian gembyung Dangiag Buhun, sora lalaguan jeung seni sora, lagu bubuka, tatalu, sawéran, ngadu'a saméméh minton, nyadiakeun sasajén saméméh minton, nataharkeun waditra, nataharkeun posisi pangrawit atawa nayaga, nu nongton, latihan, jeung sora waditra. Sedengkeun simbol kapanggih aya tilu puluh dua (34) nya éta iket, baju kamprét jeung calana pangsi hideung, opat

**Aep Saepudin, 2019**

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIAG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

gembyung atawa terebang, kendang, goong, kecrék, tarompét, demung atawa panerus, wangun gugunungan, gambar waditra gembyung, buleud, gambar kujang, gambar leungeun, warna bodas, warna konéng, warna beureum, warna biru, sasajén, menyan, dawegan, endog hayam kampung, gula beureum, roko, seupaheun, kopi pait jeung kopi amis, béas, kekemu, ngumbah irung, ngumbah beungeut, ngumbah leungeun, ngumbah sirah, ngumbah suku, pola ibingan saarah jarum jam, jeung pola ibingan nu ngalawan arah jarum jam. Nilik kana euyeubna simbol dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun, ieu hal patali jeung wangen simbol yén tanda nu nuduhkeun ayana patalina sacara alamiah antara pananda jeung patandana. Hartina, kasenian Gembyung Dangiing Buhun teu leupas tina rupa-rupa tanda-tanda anu raket patalina jeung anu ditandaananna.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun lajuning laku ieu panalungtikan kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah Désa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana pangaweuruh ngeunaan kasenian nu aya di tatar Sunda. Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan kasenian Gembyung anu can kaguar ku panalungtik.

Sangkan ieu kasenian teu leungit, aya sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun ka: 1) mahasiswa; 2) guru; 3) masarakat; 4) pamaréntah hususna Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Subang.

- 1) Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa nuluykeun deui panalungtikan dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun, sabab masih kénéh aya pasualan-pasualan anu can kaguar tur kapaluruh. Ku kituna, dipiharep sangkan aya nu nuluykeun panalungtikan satuluyna ngeunaan kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah Desa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupaten Subang.
- 2) Guru dipiharep bisa ngawanohkeun kasenian Gembyung ka siswa. Sangkan siswa apal kana salasihiji wanda kasenian buhun nu aya di tatar Sunda. Guru ogé dipiharep bisa mekarkeun deui kasenian Gembyung sangkan bisa dilarapkeun kana

**Aep Saepudin, 2019**

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG  
RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bahan ajar, boh dina pangajaran seni, basa Sunda, atawa dina pangajaran séjénna anu masih aya patula-patalina.

- 3) Masarakat Jawa Barat umumna sarta masarakat kabupatén Subang hususna, dipiharep bisa leuwih ngawanohkeun deui kana kasenian Gembyung ka entragan ngora, sangkan ieu kasenian téh tetep nanjeur. Entragan ngora didieu dipiharep bisa ngaprésiasi kana kasenian Gembyung nu mangrupa titinggal para karuhun saméméhna.
- 4) Pikeun pamaréntah, utamana Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Subang hususna, dipiharep bisa leuwih ngawanohkeun kasenian Gembyung sangkan bisa jadi salasihiji wisata seni anu aya di Kabupatén Subang. Sangkan kasenian Gembyung hususna Gembyung Dangiing Buhun bisa dipikawanoh boh ku masarakat lokal boh ku masarakat internasional.